



Pou Piblikasyon Imedya: 20/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON EFÒ PLIZYÈ AJANS PRAL FÈ POU PRAN MEZI ESTRIK KONT KONSOMASYON ALKÒL ANVAN LAJ PANDAN MWA OKTÒB LA**

***SLA, DMV ak fòs de lòd yo pral mennen yon kanpay pou fè respekte lalwa nan tout eta a***

***Yo te konvoke plis pase 400 moun pandan operasyon kont konsomasyon alkòl anvan laj yo ant Jen ak Septanm***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon efò nan tout eta a pou pran mezi estrik kont konsomasyon alkòl anvan laj pandan mwa Oktòb la. Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) New York la ak Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) Eta New York la, ansanm avèk ajans fòs de lòd lokal yo, pral fè verifikasyon laj moun k ap bwè yo nan magazen ki gen pèmi yo sispèk k ap vann minè yo alkòl, sa gen ladan ba, restoran, magazen bwason ak makèt. SLA pral vizite 500 lokal, avèk èd anketè DMV yo nan sèten kote epi fòs de lòd yo nan lòt kote.

"Mwen fyè travay ajans yo nan Eta nou an ak ofisyèl fòs de lòd yo fè a pou pwoteje jenès New York la kont danje konsomasyon alkòl anvan laj", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Operasyon sa yo fòs de lòd yo ap kontinye fè nan tout eta a ajoute sou reyisit nou nan kenbe wout nou yo san danje, pwoteje lajenès nou an epi fè moun ki fasilite konsomasyon alkòl anvan laj la sibi konsekans yo."

Operasyon fòs de lòd yo ajoute sou kanpay reyisi ki rele Operation Prevent la, yon inisyativ ki genyen kounye a y ap mennen pandan tout ane a pou dekouraje konsomasyon alkòl anvan laj epi anpeche itilizasyon fo kat idantite.

Depi mitan mwa Jen an ane sa a, gen 426 moun yo bay kontravansyon pandan Operation Prevent fòs de lòd yo mennen nan Saratoga Performing Arts Center nan rejyon Kapital la, nan espas konsè Darien Lake la nan Rejyon Lwès New York, nan CMAC nan Finger Lakes, nan St. Joseph's Health Amphitheater nan Lakeview nan New York Santral, ak nan Jones Beach Theater nan Long Island.

Yo te sezi fo kat idantite ki fèt pou sanble yo sòti nan New York, Pennsylvania, Massachusetts, Connecticut, Maryland, Delaware, Rhode Island, Ohio, Maine, Tennessee, Kentucky, New Jersey, Texas, Georgia, South Carolina, Indiana ak Alberta, Canada.

Men yon repatison kontravansyon yo te bay yo pa rejyon:

Rejyon	Kantite Kontravansyon Total Yo Bay
--------	------------------------------------

Rejyon Kapital	56 kontravansyon
New York Santral	101 kontravansyon
Finger Lakes	187 kontravansyon
Long Island	82 kontravansyon

Moun ki gen mwens pase 21 ane yo kenbe k ap itilize fo kat idantite oswa fo dokiman nan entansyon pou yo kapab achte alkòl, ka pran kontravansyon epi gen lisans yo ki sispansyon oswa revoke pou yon dire 90 jou ominimòm oswa jiska yon ane. Anplis de sa, biznis Otorite Alkòl Eta a te enkilpe yo poutèt lavant bay minè ap fè fas a sanksyon sivil rive jiska 10,000 dola pa vyolasyon, epi residivis yo ap fè fas tou a posibilite sispansyon oswa revokasyon lisans pou vann bwason yo. Anplis, anplwaye yo oswa moun ki gen lisans yo k ap vann minè yo ka jwenn arestasyon epi yo ka akize pou yon enfraksyon.

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare,** "Nan Otorite Alkòl Eta a nou pran responsabilite nou pou verifye kote ki gen lisans yo ap suiv lalwa seryezman. Operasyon sa yo sou Gouvènè Cuomo voye yon mesaj ki di nan Eta New York nou p ap tolere lè y ap pèmèt konsomasyon alkòl anvan laj, keseswa nan vann minè yo alkòl oswa nan achte fo kat idantite".

**Komisè Depatman Veyikil ak Motè a, Mark J.F. Schroeder te deklare,** "Konsomasyon alkòl anvan laj se yon bagay danjre epi li kapab koute plis lontan pase pri yon fo kat idantite. M ankouraje tout jèn Nouyòkè yo pou yo reflechi byen anvan pou yo gaspiye lajan yo nan fo kat idantite epi pou yo chwazi bwè anvan yo gen laj. Desizyon sa yo ta kapab gen konsekans pou tout lavi, epi menm si w panse fo kat idantite w lan parèt bon, anketè eksperimante nou yo gen ekipman ak fòmasyon pou dekouvri fwòd rapidman."

Nan dat 15 Me, Gouvènè Cuomo te anonse pandan operasyon kont konsomasyon alkòl anvan laj yo te mennen nan mwa Avril 2019 la, Otorite Alkòl Eta a te mennen 66 operasyon kont konsomasyon alkòl anvan laj nan 46 konte, avèk anketè yo ki te voye fo minè nan 851 lokal ki gen pèmi vann alkòl. Fo minè yo te kapab achte alkòl nan 186 biznis sou 851.

[NYS OASAS](#) rapòte:

- Bwè alkòl anvan laj 21 ane ka jennen devlopman sèvo a, koze difikilte pou aprann nan laj ventèn yo; epi
- Itilizasyon alkòl bonè asosye avèk nòt fèb, absanteyis, ansanm avèk chans ki pi elve pou kite lekòl segondè.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis eta a, 'HOPEline' 24 sou 24, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo voye tèks bay HOPENY (Kòd Kout 467369).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)